



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON AJANDA AN TWA PATI POU ANPECHE AK REDUI VYOLANS AK ZAM AVÈK KRIM VYOLAN TOUPATOU NAN ETA NEW YORK

Gran jan inisyativ sekirite piblik pral bay otorite lapolis Eta a ak lokal yo zouti nesesè yo pou pwoteje Nouyòkè yo kont vyolans ak zam

Nouvo Konsòsyòm sou trasaj zam ant eta yo pral travay ak lokalite ak eta vwazyen yo pou kontwole zam ilegal yo

Twa fwa plis investisman nan entèvansyon kominotè kont vyolans ak zam

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon ajanda an twa pati ki vize anpeche ak redui vyolans ak zam avèk krim vyolan nan kad diskou sou Eta Leta 2022 li a. Plan Gouvènè Hochul la konsantre sou twa inisyativ fondamantal: investisman nan resous yo pou inisyativ sekirite zam otorite lapolis Eta a ak lokal yo ap atreprann yo, fè patenarya ak lokalite ak eta vwazyen yo pou frennen trafik zam, ak twa fwa plis investisman Eta a ap fè nan inisyativ entèvansyon kominotè kont vyolans ak zam yo.

"Antanke Gouvènè, responsabilite ki pi enpòtan mwen genyen se pwoteje Nouyòkè yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Akòz ensidan vyolans ak zam ak lòt krim vyolan yo k ap ogmante malerezman, administrasyon mwen an trè konsantre nèt sou pran mezi ki nesesè pou pwoteje Nouyòkè yo. Apwòch an twa pati nou an pral takle ogmantasyon krim lan pandan n ap asire nou trete tout Nouyòkè yo, kèlkeswa ras yo oswa kote yo soti, avèk diyite ak respè."

Plan Gouvènè a pral:

- **Investi nan sekirite piblik ak finanse efò aktivite siveyans sekirite zam k ap fèt onivo Eta ak lokal yo:** Gouvènè Hochul pral investi twa fwa plis resous pou ransèyman sou vyolans ak zam Lapolis Eta a lè l ajoute yon ekip analis ki trete done trasaj zam yo nan Sant Ransèyman Eta New York la (New York State Intelligence Center). Eitou, Gouvènè Hochul pral double kantite Inite Estabilizasyon Kominotè yo vin 16, sa k ap ogmante kapasite Fòs Lapolis Eta a pou l fè patenarya ak fòs lapolis lokal yo pou konbat pwogram krim presi nan kominote yo. Pou soutni fòs lapolis lokal yo, Gouvènè Hochul pral ogmante finansman pou pwogram Eliminasyon Vyolans ki Fèt ak Zam (Gun Involved

Violence Elimination, GIVE) lan, ansanm ak ogmante investisman pou Sant Analiz Krim New York la, ki kolekte ak pataje ransèyman ak done kriminel yo ak fòs lapolis lokal yo. Pou fini, Eta New York pral tabli Sant Ransèyman sou Krim ak Zam yo nan chak rejyon Eta New York, sa k ap ede Lapolis Eta a rezoud krim grav yo ak twouble trafik zam a fe ilegal ant eta yo.

- **Kreye Konsòsyòm sou Trasaj Zam Ant Eta a:** Byenke anpil efò te fèt avan pou kontwole zam ilegal yo, yo te souvan konsantre sou yon sèl vil endividyèl. Pou yon apwòch ki plis global fas a pwoblèm lan, Gouvènè Hochul pral bay Lapolis Eta a lòd pou fòme yon Konsòsyòm sou Trasaj Zam Ant Eta a pou fasilite echanj ransèyman ant lokalite ak eta vwazen yo. Konsòsyòm sou Trasaj Zam Ant Eta a pral konsantre sou echanj ransèyman an tan reyèl ak kowòdinasyon operasyonèl k ap sible entèdiksyon zam.
- **Twa fwa plis investisman nan entèkansyon kominotè kont vyolans ak zam:** Gouvènè Hochul pral investi tou nan efò prevansyon ak entèkansyon kominotè yo te pwouve ki vrèman frennen vyolans ak zam. Gran jan investisman sa a pral ajoute plis espesyalis kont vyolans ak zam nan lopital yo pou vin nan toule 22 sant twoma Eta New York la yo ak rezo sansibilizasyon SNUG Street Eta a rive Niagara Falls, Utica and Schenectady, ofri fòmasyon ki akse sou konpetans pou preparasyon travay ak plasman nan travay pou jèn arisk k ap patisipe nan travay entèripsyon vyolans ak zam Eta a, epi lanse tou premye pwogram nan peyi a pou rekrite ak kenbe travayè ki sot nan pwogram sansibilizasyon yo.

Vyolans ak zam te ogmante radikalman toupatou nan peyi a ak nan New York, sa ki rive an menm tan ak pandemi COVID-19 la. Soti 2019 rive 2020, omisid ki fèt ak zam nan New York te ogmante pa prèske 80 pousan, sa k ap dechire fanmi ak kominote yo. Kòm repons, Gouvènè Hochul pral ajoute sou gran investisman ak mezi ki te fèt an 2021 yo pou agrandi divès inisyativ ki gen ladan ogmante kapasite fòs lapolis eta ak lokal yo, fè patenarya ak Vil New York ak eta vwazen yo, epi bay plis resous pou òganizasyon ak pwogram kominotè yo k ap travay pou kwape vyolans ak zam ak ranfòse sekirite piblik toupatou nan eta a.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)